**दिन—बुध** **दिनांक—24.04.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————————

लोकसभा चुनावक दोसर चरणक मतदानक लेल प्रचारक आइ अंतिम दिन सांझ धरि प्रचारक जोर—शोर थमि गेल। एहि चरणक अंतर्गत छब्बीस अप्रील कऽ राज्यक पाँच संसदीय क्षेत्र—किशनगंज, कटिहार, पूर्णियां, भागलपुर आ बांका मे मतदान होयत। एहि सीट सभ पर कुल पचास उम्मीदवार चुनावी मैदान मे छथि। किशनगंज आ भागलपुर सँ बारह—बारह उम्मीदवार अपन भाग्य आजमा रहल छथि। ओतहि, बांका सँ दस, कटिहार सँ नओ आ पूर्णियां सँ सात उम्मीदवारक चुनावी भाग्यक निर्णय होयब अछि।

——————————————————————————

एम्हर, तेसर चरणक चुनाव प्रसार सेहो जोर पकड़ि लेलक अछि। तेसर चरण मे राज्यक पाँच संसदीय क्षेत्र झंझारपुर, सुपौल, अररिया, मधेपुरा आ खगड़िया मे सात मई कऽ मतदान होयब अछि। भाजपा अध्यक्ष जे.पी. नड्डा झंझारपुर संसदीय क्षेत्रक राजनगर मैदान मे एक चुनावी सभा के सम्बोधित करैत कहलनि जे एनडीए के दस वर्षक शासन मे राजनीति के संस्कृति आ जनहितक काज करबाक तरीका दुनू बदलि गेल अछि। श्री नड्डा खगड़िया मे सेहो एनडीए प्रत्याशीक समर्थन मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि।

——————————————————————————

एम्हर, भाजपाक वरिष्ठ नेता मनोज तिवारी अररिया मे एक चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। एम्हर, राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव सेहो पूर्णियां, कटिहार, भागलपुर बांकाक आ बौंसी मे महागठबंधनक प्रत्याशी सभक समर्थन मे रैली आ रोड शो कयलनि। ओतहि, वामपंथी दल सीपीआई, सीपीएम आ माले के वरिष्ठ नेता सेहो गठबंधनक उम्मीदवार सभक विजय सुनिश्चित करबाक लेल प्रचार मे जुटल रहलाह। लोकसभा चुनावक चारिम चरणक अंतर्गत दरभंगा, उजियारपुर, समस्तीपुर, बेगूसराय आ मुंगेर संसदीय क्षेत्र मे नामांकन पत्र भरबाक समय सीमा काल्हि समाप्त भऽ जायत। एहि सीट सभ पर नामांकन पत्र भरबाक काज मे तेजी आबि गेल अछि। आइ उजियारपुर संसदीय क्षेत्र सँ अमरेश राय निर्दलीय प्रत्याशीक रूप मे अपन नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। अमरेश राय राजद सऽ टिकट नहि भेटबा सँ बागी भऽ गेलाह अछि। छब्बीस अप्रील कऽ नामांकन पत्रक जाँच कयल जायत।

ओतहि, उम्मीदवार उनतीस अप्रील धरि अपन नाम वापस लऽ सकैत छथि। चारिम चरणक मतदान तेरह मई कऽ होयत।

———————————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता मनोज तिवारी कहलनि जे काराकाट सीट सँ निर्दलीय चुनाव लड़बाक घोषणा कऽ चुकल अभिनेता पवन सिंह के ओ मनौताह। श्री तिवारी पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे कहलनि जे पवन सिंह सँ ओ गप करताह आ हुनका उम्मीद अछि जे ओ चुनाव लड़बाक निर्णय पर पुनर्विचार करताह। विचारणीम अछि जे एनडीए मे समझौताक अंतर्गत काराकाट सीट राष्ट्रीय लोक मोर्चा प्रमुख उपेन्द्र कुशवाहा के देल गेल अछि। काराकाट मे लोकसभा चुनावक सातम आ अंतिम चरण मे एक जून कऽ मतदान होयत, जाहि लेल नामांकनक काज सात मई सँ आरम्भ होयत।

———————————————————————————

जदयू राष्ट्रीय जनता दल पर शराब कंपनी सभ सँ चुनावी चंदा लेबाक आरोप लगौलक अछि। जदयूक प्रवक्ता नीरज कुमार पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे कहलनि जे इलेक्टोरल बॉन्डक विवरण सँ ई स्पष्ट भऽ गेल अछि जे राजद प्रदेश मे शराबबंदी लागू हेबाक बादो शराब कंपनी सभ सँ चन्दा लेलक। ओ जनौलनि जे राजद के ई जनेबाक चाही जे शराब कंपनी पार्टी के ई चन्दा किएक देलक अछि।

———————————————————————————

पंचायती राज दिवसक अवसर पर आइ देश–प्रदेश मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। पंचायती राज दिवस मनेबाक उद्देश्य पंचायती राज संस्था सभ के मजगूत बनायब अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सोशल मीडिया पर पोस्ट जारी कऽ देशवासी सभ के पंचायती राज दिवसक बधाई देलनि।

———————————————————————————

राष्ट्रकवि रामधारी सिंह दिनकर के आइ पुण्यतिथि अछि। एहि अवसर पर राष्ट्रकविक जन्मभूमि बेगूसरायक सिमरिया मे विशेष कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। एम्हर, पटना मे सेहो कतेको ठाम साहित्यकार आ बुद्धिजीवी लोकनि राष्ट्रकविक प्रतिमा पर पुष्पांजलि अर्पित कऽ हुनका श्रद्धांजलि देलनि।

———————————————————————————

राजधानी पटना सहित प्रदेशक अधिकांश भाग भीषण गर्मीक चपेट मे अछि। शेखपुरा, जमुई, भोजपुर, खगड़िया, बांका, नवादा, सारण, सीवान सहित राज्यक बेसी जिला मे अधिकतम तापमान बियालीस डिग्री सेल्सियस के लऽगपास दर्ज कयल गेल।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक बेनीपट्टी अंतर्गत रजघट्टा गाम मे अगिलगिक घटना मे सात घर जरिकऽ नष्ट भऽ गेल।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।